



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RESTORAN, BA AK LÒT ANTITE KI GEN LISANS
SLA YO DWE FÈMEN POU SÈVIS AN PÈSONN APATI 10 PM RIVE 5 È AM CHAK
JOU**

Livrezon ak rekiperasyon sou twotwa san alkòl ka kontinye apre 10 PM

Reyinyon andedan ak deyò nan rezidans prive ap limite a 10 moun

Jimnaz yo oblije fèmen chak jou tou a 10 p.m. nan tout eta a

Nouvo règleman yo anvigè vandredi a 10 p.m.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo restriksyon COVID-19 sou ba, restoran, jimnaz ak reyinyon rezidansyèl nan Eta New York.

Règleman sa ki anvigè vandredi a 10 p.m., ba, restoran ak jimnaz oswa sant fitnès yo, ansanm ak tout etablisman Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) bay lisans, ap oblije fèmen apati 10 p.m. rive 5 a.m. chaj jou. Restoran yo ap toujou otorize pou bay livrezon sou twotwa, pou manje sèlman apre 10 è p.m., men yo p'ap otorize pou sèvi alkòl pou anpòte. Otorite Alkòl Eta a ap bay plis enstriksyon pou moun ki gen lisans yo sou kijan vant yo ap kontinye otorize.

Gouvènè a te anonse tou ke reyinyon andedan ak deyò yo nan rezidans prive yo ap limite a pa plis pase 10 moun. Limit lan ap aplike akòz frekans pwopagasyon COVID ki soti nan ti reyinyon andedan ki enkli fèt Halloween yo. Reyinyon sa yo te tounen yon gran koz aktivite gwoupman atravè eta a. Anplis, mezi sante piblik yo mete Eta New York anliy ak eta vwazen yo ki enkli Connecticut, Massachusetts ak Rhode Island. Nouvo règleman sa efikas tou vandredi a 10 p.m.

"Si ou gade kote ka yo ap soti yo, si ou fè swivi kontak yo, w'ap wè yo soti nan twa zòn prensipal: etablisman kote yo sèvi alkòl, jimnaz ak reyinyon andedan nan kay prive yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Rezon nou te reyisi diminye pwopagasyon an nan New York se paske nou te an avan sou COVID la. Ou konnen ki kote li prale; kanpe l anvan li rive la. E ou konnen ki kote li prale lè ou swiv lasyans. Sa se kalibraj nou te pale de li a: ogmante aktivite ekonomik, obsève to pozitive - si to pozitive a kòmanse monte, rekile nan aktivite ekonomik la. Li pa t janm binè -- aktivite ekonomik oswa sante piblik -- se te toujou toulede."

Gouvènè Cuomo te kontinye: "Règleman sa yo bon menm jan ak aplikasyon an. Gouvènman lokal yo gen chaj pou fè aplikasyon. Gen de verite fondamantal sèlman nan sitiyaasyon sa: se disiplin endividyèl epi se aplikasyon gouvènman an. Pwen final. Fen sitiyaasyon an. Mwen bezwen pou gouvènman lokal yo fè aplike sa."

Gouvènman an te pran mezi sa yo nan mitan ogmantasyon pwopagasyon nan ka yo nan tout peyi a ak yon ogmantasyon nan New York, ke yo te prevwa li t'ap antre ladan l nan sezon otòn ak ivè.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)